

CHWAZI SWEN KALITE SIPERYÈ

Yon Gid pou Fanmi yo



Rezo Resous ak
Referans pou Gadri
Timoun

Lis Chapit yo



Entwodiksyon.....	2
Sante ak Sekirite.....	2
Tip Gadri yo.....	3
Pratik Angajman Familyal.....	4
Kisa Ki Pi Bon Pou Timoun Mwen An.....	5
Lis Verifikasyon sou Sante ak Sekirite Pwogram Gadri.....	7

Chwazi Swen Kalite Siperyè – Yon Gid pou Fanmi yo

Chwazi yon pwogram swen ak edikasyon bonè pou timoun ou an se youn nan desizyon ki pi enpòtan yo. Antanke premye epi meyè pwofesè timoun ou an, ou vle sa ki pi bon pou li pandan ou pa la – yon anviwònman ki bon pou sante, ki an sekirite epi ki motivan k ap asire timoun lan prepare pou kindègadenn ak rès pakou edikatif li. Gid sa a ede gide w nan anpil faktè w ap gen pou w konsidere.



Sante ak Sekirite

Sante ak sekirite timoun ou an se pi gwo priyorite. Lè w ap chwazi yon pwogram gadri, gen kèk konsiderasyon sou sante ak sekirite ou dwe kenbe nan tèt ou, sa gen ladan pratik netwayaj ak ijyèn, rapò ak gwosè gwoup yo epi kalifikasyon swayan yo.

Netwayaj ak Ijyèn

Pwogram gadri timoun yo gen plis chans pou yo pwoteje timoun yo kont mal ak maladi si yo toujou respekte estanda tankou lave men souvan, dezenfekte estasyon pou chanje daypè yo, netwaye jwèt yo epi sere kòrèkteman pwodui netwayaj yo ak lòt materyèl ki gen pwazon yo.

Rapò ak Gwosè Gwoup yo

Rapò ak gwosè gwoup yo ka afekte kalite swen pou timoun yo anrapò ak sekirite, atansyon yo bay epi kominikasyon chak jou avèk granmoun yo. Selon laj ak pèsonalite timoun ou an, pran yon moman pou w konprann ki gwosè gwoup epi ki rapò granmoun parapò a timoun ki mache pi byen pou ou. Chèche okazyon pou timoun ou an kapab endepandan, travay ansanm avèk swayan yo e lòt timoun yo epi chanje aktivite yo pandan jounen an.

Kalifikasyon Swayan yo

Kantite eksperyans, edikasyon ak devlopman pwofesyonèl kontini yon swayan gadri genyen se yon endikatè enpòtan pou kalite gadri a. Lonjevite pèsònèl ansèyman an kontribye tou nan swen kalite siperyè. Li montre yon anviwònman akeyan, pozitif epi ki bay sipò, ki ka siyifi meyè swen pou timoun ou an.

[Aprann plis sou sante ak sekirite.](#)

[Konsilte lis verifikasyon itil sou sante ak sekirite gadri sa a.](#)



Tip Gadri yo

Founisè yo kapab sèvi timoun yo nan divès anviwònman, soti nan gwo sant nan yon anviwònman komèsyal pou rive nan ti gwoup lakay yon founisè. Nan Indiana, ou ka jwenn pwogram ki an sekirite ak kalite siperyè nan kay, sant, lekòl ak anviwònman aprantisaj bonè ki baze sou lafwa. Pwogram yo ka varye anpil, epi yo tout pa gen menm egzijans pou lisans oswa estanda sante ak sekirite. Pèsonalite timoun ou an ak preferans pèsònèl ou ka mennen w nan yon tip olye de yon lòt.

[Eksplòre diferan tip gadri timoun yo.](#)

Sistèm Klasman Paths to QUALITY™

Yo rele sistèm volontè pou evalyasyon ak amelyorasyon kalite Indiana a Paths to QUALITY™. Pwogram ki patisipe nan Paths to QUALITY™ reponn ak estanda kalite byen presi yo nan kat nivo diferan. Pwogram ki akredite yo reponn ak pi gwo estanda swen yo.

[Aprann plis sou Paths to QUALITY.](#)

Etap Enpòtan Nan Devlopman yo

Etap enpòtan nan devlopman yo se konpetans timoun yo devlope jeneralman nan jwe, aprann, pale, konpòte ak bouje nan laj byen presi. Etap enpòtan sa yo gen peryòd devlopman ke pifò timoun swiv.

[Aprann plis sou etap enpòtan nan devlopman yo nan chak laj.](#)

Sipò pou Devlopman

Chak timoun — timoun ou an ladan tou — grandi, aprann ak devlope nan yon fason inik. Lè devlopman yon timoun pa swiv pakou jeneral la, fanmi yo gen anpil resous ki disponib pou yo jwenn sipò — epi jwenn li bonè — ki se pi bon moman an. Pale avèk pwogram ou an sou sipò yo ofri. Nan Indiana, fanmi timoun soti nan nesans jiska laj 3 zan ka jwenn sipò pou devlopman antravè First Steps.

[Aprann plis sou sipò pou devlopman yo.](#)

Èd Finansye pou Gadri Timoun

Sa pa ta dwe sèl grenn faktè nan desizyon ou, men pri swen yo ka enpòtan nan chwa pwogram ou an. Anpil founisè ofri echèl frè varyab, epi gen plizyè opsyon asistans finansye ki disponib pou fanmi yo nan Indiana, tankou kupon Fon pou Gadri ak Devlopman Timoun (Child Care and Development Fund, CCDF), On My Way Pre-K epi Head Start/Early Head Start.

[Aprann plis sou èd finansye pou gadri.](#)

Pratik Angajman Familyal

Pwogram bon kalite yo travay men nan men avèk fanmi yo pou asire yo enfòmè sou devlopman timoun yo a epi yo se yon patnè ki byenveni nan swen timoun lan. Yo souvan gen yon politik pòt ouvè, sa ki vle di manm fanmi yo lib pou yo fè aleritou nenpòt ki lè. Yon pwogram ki bay politik alekri pou mete ak enplike fanmi yo ka siy yon vrè patenarya familyal.

[Sèvi ak dokiman sa a pou w pale avèk founisè w la konsènan timoun ou an ak bezwen li yo.](#)

Vizit Pwogram Gadri Timoun yo

Lè w ap chwazi yon pwogram aprantisaj bonè pou timoun ou, panse pou ou vizite twa kote prensipal ou chwazi yo an pèsòn. Sa pral ba ou yon lide sou direksyon pwogram nan ak ekip ansèyman an, l ap ede w wè ak zye w kote timoun ou an pral pase jounen l epi pèmèt ou poze an pèsòn tout rès kesyon enpòtan yo.

[Aprann plis konsènan ki kesyon pou w poze yon pwogram potansyèl.](#)

Rapòte Plent

Fanmi yo ka konsilte rapò enspeksyon yo ak nenpòt plent ki valide oswa mezi aplikasyon pou pwogram gadri nan Indiana ki lisansye ak anrejistre yo. Pou aprann plis sou ansyen plent yo pou yon pwogram presi, vizite [Child Care Finder](#) epi chèche yon pwogram. Paj pwogram nan ap gen nan li enfòmasyon sou tout ansyen plent yo.

Si w gen yon plent ak/oswa enkyetid konsènan yon pwogram gadri lisansye oswa anrejistre, ou ka rapòte l bay [Sant Solisyon Brighter Futures Indiana](#) a nan 1-800-299-1527 oswa bay Administrasyon Sèvis Sosyal ak Familyal Indiana a nan (877) 511-1144.

[Aprann plis sou rapòte plent yo isi a.](#)



Kisa Ki Pi Bon Pou Timoun Mwen An

Yon relasyon solid ant ou menm, timoun ou an epi founisè sèvis gadri ou an se yon bagay ki esansyèl. Sèvi ak dokiman sa a pou souliye pwèn fò, difikilte ak woutin ki egziste lakay timoun ou an. Apre sa, planifye yon moman pou w diskite sou yo avèk founisè w lan.

Non Timoun nan:	Laj:	Dat:
Non Paran (yo)/Responsab Legal (yo):		

	Pwèn Fò Timoun Mwen an	Difikilte Timoun Mwen an	Kisa ki Nesesè pou Ede Timoun Mwen An Reyisi
Kominike Pale/Koute			
Reflechi ak Konprann			
Manje ak Bwè			
Itilize twalèt			
Repoze/Dòmi			
Bouje ak Deplase			

Kisa Ki Pi Bon Pou Timoun Mwen An – swit.

	Pwen Fò Timoun Mwen an	Difikilte Timoun Mwen an	Kisa ki Nesesè pou Ede Timoun Mwen An Reyisi
Tan Jwèt Andedan			
Tranzisyon (sètadi deplase soti nan yon aktivite ale nan pwochen an)			
Jwe avèk Lòt Timoun			
Tan Jwèt Deyò (sètadi ale sou teren jwèt, itilize ekipman, elatriye)			
Aktivite Ti Mouvman yo (koupe bagay, kolorye, elatriye)			
Aktivite Gwo Mouvman yo (kouri, sote, monte bekàn, elatriye)			

Nòt:



Lis Kontwòl Sante ak Sekirite Pwogram Gadri Timoun

Nan Indiana, gen anpil kalite [pwogram gadri timoun](#). Sèten pwogram ka fonksyone nan gwo sant ki gen anpil salklas, alòske gen lòt ki ka fonksyone nan kay yon moun oswa nan yon legliz oswa yon kote ki gen rapò ak relijyon. Kèlkeswa sa ou chwazi pou fanmi w, timoun ou an dwe an sante ak an sekirite pandan tout jounen an.

Lè w ap vizite yon nouvo pwogram oswa lè w ap voye timoun ou nan pwogram li ladan kounye a, men kesyon esansyèl ou ta dwe poze ak eleman pou w kenbe nan tèt ou anrapò ak sante epi sekirite timoun. **Repons pou tout kesyon yo ta dwe WI:**

Kounye a, pran yon moman pou w repase lis kontwòl ou an pou w detèmine si pwogram gadri sa a reponn ak egzijans debaz yo pou sante ak sekirite. Si w bezwen èd pou jwenn lòt pwogram gadri timoun oswa pou plis enfòmasyon, ale sou brighterfuturesindiana.org/blog/how-to-find-high-quality-child-care-in-indiana.

GWOSÈ KLAS YO AK GWROUP YO

- Èske gen ase granmoun nan sal la pou siveye chak timoun avèk anpil atansyon?
- Èske swayan yo bay chak timoun atansyon endividyèl ?

SOMÈY AN SEKIRITE

- Èske yo kontwòle ak siveye tout timoun yo pandan lè ti dòmi yo?
- Èske gen yon bèso apa pou chak tibebe?
- Nan lè ti dòmi yo, èske yo mete tibebe yo sou do poukont yo nan yon bèso, epi retire tout lòt bagay nan bèso a?
- Èske timoun ki pi gran yo gen yon kote trankil pou yo repoze oswa fè ti dòmi?

SEKIRITE

- Èske antre prensipal yo lòk epi èske eskalye ak pòtay ki andedan yo pwoteje pou anpeche timoun yo deplase pasi pala?
- Èske yon granmoun akonpaye timoun yo epi toujou ap sipèvize yo pandan y ap jwe deyò?
- Èske gen kouvèti sou priz kouran kote timoun yo ka rive yo, èske yo gen plòg sekirite oswa moun pa ka retire yo san kle epi yo make "tamper resistant"?
- Èske swayan yo gen medikaman avèk etikèt sou yo epi yo kote timoun yo pa ka rive nan yo?
- Èske pwodui netwayaj, lòt materyèl ki gen pwazon ak atik danjere yo lòk, kote timoun pa ka rive jwenn yo?

PWOSEDI IJANS YO

- Èske gen pwosedi byen klè pou pran swen timoun yo pandan yon ijans?
- Èske enfòmasyon pou kontakte lapolis, ponpye, sant kontwòl pwazon ak lopital lokal yo afiche epi yo aksesib pou tout swayan yo?
- Èske swayan yo resevwa fòmasyon pou bay premye swen, CPR ak somèy an sekirite?
- Èske genyen disponib yon kit premye swen ki gen tout sa ki nesè epi li yon kote granmoun yo ka jwenn li byen fasil, men li yon kote timoun yo pa ka rive?

NETWAYAJ, DEZENFEKTASYON AK LAVAJ MEN

- Èske swayan yo netwaye tibebe yo ak timoun piti yo rapidman lè daypè oubyen rad yo mouye oswa sal?
- Èske yo jete daypè sal yo yon fason ki respekte règ ijyèn yo?
- Èske swayan yo netwaye sifas pou chanjman daypè yo epi yo dezenfekte yo apre chak itilizasyon?
- Èske granmoun yo ak timoun yo lave men yo anvan yo manyen nouriti ak lè yo fin chanjman daypè oswa lè yo fin ede timoun yo ale nan twalèt?
- Èske anviwònman an pwòp, epi èske yo souvan dezenfekte jwèt yo ak materyèl ki pataje yo?

DEVLOPMAN AK BYENNÈT

- Èske moun k ap bay swen yo kòdya, akeyan, ankourajan, montre afeksyon, pasyans ak bon karaktè?
- Èske swayan yo pale avèk timoun yo nan nivo zye yo, angaje yo nan konvèsasyon yo epi poze kesyon lè sa apwopriye?
- Èske swayan yo jere disiplin nan yon fason ki kalm, fason stab pou ankouraje bon konpòtman?
- Si pwogram lan ofri sèvis manje, èske repa yo ak ti goute yo gen nan yo divès kalite gwoup manje?
- Èske liv, imaj, jwèt ak lòt materyèl yo apwopriye pou laj?



Rezo Resous ak
Referans pou Gadri
Timoun